



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV 250 MILYON DOLA POU AGRANDI ENFRASTRIKTI VEYIKIL ELEKTRIK ATRAVÈ ETA NEW YORK LA**

***Otorite Enèji New York la pran Angajman 40 Milyon Dola pou Premye Faz la ak Jiska 250 Milyon Dola pou Inisyativ EVolve NY la***

***EVolve NY pral Agrandi Opsyon Rechaj Rapid pou Veyikil Elektrik yo nan tout Kòridò Kle yo, Kreye Nouvo Sant Rechaj nan Ayewopò Vil New York yo, ak Tabli Kominote Modèl EV yo Pandan Dire Sètan Pwogram lan***

***Faz Inisyal la ap Akselere Pwogram Charge NY 2.0 Gouvènè a; Ede Eta Atenn Objektif Gouvènè a Genyen pou l Redwi Degajman Gaz a Efè Sèr yo 40 pousan Apati 2030***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo inisyativ 250 milyon dola, ki rele EVolve NY, pou agrandi itilizasyon veyikil elektrik (electric vehicle, EV), avèk èd Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA). Anplis de finansman eta a, pwogram lan pral chache kreye patenarya ak sektè prive a jiska ane 2025 pou yo akselere adopsyon veyikil elektrik yo nan yon fason agresiv toupatou atravè Eta New York la. NYPA pral lanse plizyè nouvo inisyativ inovatè pou yo ko-vesti ak patnè sektè prive yo, kolabore ak patnè yo pou yo idantifye nouvo modèl biznis ak modèl pwopriyete yo, epi ogmante sansibilizasyon konsomatè yo sou veyikil elektrik yo ak mwayen pou rechaje yo. Plan pou fè investisman enpòtan sa a gen objektif pou yo agrandi enfrastrikti rechaj rapid la yo epi rann EV yo pi fasil pou tout Nouyòkè yo itilize.

“New York gen yon opòtinite enkwayab pou nou pran yon viraj nan zafè rediksyon gaz a efè sèr yo epi mete plis veyikil elektwonik sou wout yo lè nou konstwi plis estasyon rechaj pou asireke Nouyòkè yo ka kondwi yo soti nan yon pwent eta a ale nan yon lòt pwent”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk inisyativ EVolve NY NYPA a, nou ap fè yon trè gran mouvman pou nou rann kondwi yon machin elektrik yon chwa ki vyab ak yon opsyon ki abòdab ki ka fè nou fè gran pwogrè nan kad netwayaj lè a pou tout Nouyòkè yo.”

“Veyikil elektrik yo te kòmanse nan Buffalo an 1902”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Mwen fyè de istwa sa a, epi kounye a, nou ap elwaye nou de veyikil a gaz yo epi n ap apwoche anvè yon avni ki gen veyikil elektrik. Investisman konsiderab sa a pral ajoute estasyon rechaj nan zòn kle yo - sa k ap pèmèt moun k ap

vwayaje atravè eta a yo gen opòtinite pou yo chaje batri machin yo - epi ankouraje plis Nouyòkè itilize veyikil elektrik yo. Investisman sa ap konplèman objektif enèji anbisye nou genyen pou nou redwi degajman gaz yo, sa k ap ede redwi depans ak pwoteje anviwonman an.”

EVolve NY se yon pilye santral nan kad inisyativ Charge NY 2.0 Gouvènè a, ki gen objektif pou ankouraje ak sipòte adopsyon machin elektrik lè nou ogmante kantite estasyon rechaj toupatou nan eta a, epi sa pral ede pote eta pi pwòch objektif li genyen pou yo enstale omwen 10,000 estasyon rechaj apati fen ane 2021 an. Pandan sèt ane k ap vini la yo, NYPA pral pran angajman jiska 250 milyon dola epi y ap fè patenarya ak sektè prive a ak lòt pati prenan kle yo pou yo atire investisman prive alontèm epi kolabore nan pwogram ki pral elabore pwogram Charge NY 2.0 Gouvènè a epi abòde eka ki gen nan enfrastruktir enpòtan ak mache potansyèl yo. Yo pral akòde finansman an atravè pwosesis akizisyon konpetitif eta a.

Inisyativ sa a ajoute sou efò transpò pwòp enpòtan ant plizyè ajans ke Eta New York la ap fè pou rann EV yo pi abòdab ak pi aksesib, epi ede akselere estrateji anbisye [Refòm Vizyon Enèji \(Reforming the Energy Vision, REV\)](#) Gouvènè Cuomo a pou mennen lit kont chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la lè nou konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan, ak pi abòdab.

Faz inisyativ finansman an, ke fidisyèl NYPA yo te apwouve 22 Me a, bay lòd pou atribiye 40 milyon dola bay twa nouvo pwogram prensipal jiska fen ane 2019 la, ki gen ladan:

- **Chajè Rapid sou Otowout yo** - Kolabore ak sektè prive a ak lòt patnè yo, pou yo idantifye ak enstale jiska 200 chajè rapid ki itilize kouran kontini (direct current, DC) nan tout koridò otowout enpòtan yo - avèk yon entèval sib k ap chak 48 kilomèt - epi nan zòn iben yo chwazi yo. Chajè rapid DC yo gen potansyèl pou yo chaje dènye modèl EV yo nan yon titan piti tankou 10 minit pou 322 kilomèt entèval. NYPA pral kolabore ak patnè yo pou yo detèmine pozisyon optimal yo k ap konsantre sou aksesibilite, komodite, abòdabilite, ak fyabilite pou moun fè rechaj.
- **Chajè Rapid nan Ayewopò yo** - Rantabilize patenarya piblik ak prive yo pou enstale chajè rapid DC nan oswa toupre ayewopò John F. Kennedy ak LaGuardia. Avèk plis pase 20 milyon vwayaj nan machin patikilye k ap fèt ozalantou ayewopò yo chak ane, yon sant rechaj EV gen potansyèl pou l sèvi chofè EV ki nan yon reyon 322 kilomèt de Vil New York. Fonksyon pwogram lan ka gen ladan pwomouvwa chajè plizyè itilizatè itilize ki gen ladan konpayi woulib pataje yo, veyikil piblik yo, ajans lokasyon yo, flòt ayewopò/komèsyal yo ak potansyèlman bis yo. Avansman sa a pral ajoute sou chajè ki gen vitès mwayèn (Nivo 2) ki deja nan ayewopò anndan garaj estasyonman an yo.
- **Kominote Modèl EV yo** - Fè patenarya avèk yon minisipal NYPA oswa yon konpayi distribisyon sèvis piblik kowoperativ pou sipòte yon kominote modèl EV ki gen ladan yon platfòm rechaj sèvis piblik yo jere pou asire abòdabilite, fyabilite, ak efikasite rezo elektrik la. Kominote a pral teste ak adapte nouvo modèl enfrastruktir EV yo ak modèl biznis sèvis ki pral ankouraje plis rezidan tranzisyon vin kondwi EV yo. Karakteristik yo ka

gen ladan yo devlopman “abònman” rechaj rezidansyèl ak piblik, ak yon pòtay konsomatè sou entènèt, ak evènman fòmasyon sou EV yo.

New York gen yon long istwa depi l ap livre inisyativ ak enfrastrikti pou rann EV yo abòdab ak aksesib toupatou atravè eta a. Aktyèlman, NYPA ap enstale 400 chajè piblik nan ayewopò yo, estasyon tren yo, ak espas pakin minisipalite yo epi, jan yo [te anonse](#) resaman, yo te enstale chajè pèfòmans elve sou Thruway Eta New York la (New York State Thruway), avèk plis ankò yo planifye pou rès 23 zòn arè ki gen ant Vil New York ak Buffalo a yo. NYPA te fè patenarya tou ak Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ak ConEd pou yo pote bis elektrik yo vin nan Vil New York. Nan kad dezyèm faz inisyativ EVolve la, NYPA pral travay ak patnè li yo pou yo plis akselere efò pou elektrifikasyon flòt transpò piblik la yo, ki gen ladan travay ak [MTA](#) pou yo fè tranzisyon tout sistèm bis la nèt pou yo vin yon flòt a zewo degajman, jan yo te anonse sa an Avril 2018 la.

Anons jodi a ap sipòte reyalizasyon Plan Daksyon Zewo Degajman (Zero Emission Vehicle Action Plan) Eta a [te adopte](#) an 2014 la, konfòmman ak Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding) 2013 la, kote gen nèt eta k ap patisipe kounye a. Byenke Plan Daksyon sa a te konsantre prensipalman sou machin ak ti kamyon yo, anons jodia se yon egzanp ki montre konsantrasyon kwasan New York kontinye mete sou elektrifikasyon kamyon ak bis yo - kèk nan pi gran emitè degajman sal yo.

Finansman ak pwogram adisyonèl ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Otorite Thruway a (Thruway Authority), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak lòt ajans eta a yo, ansanm ak investisman [Electrify America](#) ap fè a, pral konpleman te efò NYPA ap fè yo ak ede rapwoche nenpòt gap ki genyen pou yo ka debloke investisman prive.

Anplis de sa a, an Mas 2017, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram [Rabè pou Kondwi Pwòp \(Drive Clean Rebate\)](#) eta a. NYSERDA ap administre pwogram lan, ki ofri rezidan yo yon rabè jiska 2,000 dola pou acha oswa lokasyon yon nouvo machin ibrid oswa batri elektrik yo ka ploge yo nan men konsesyonè nouvo machin k ap patisipe yo. Plis pase 6,600 Nouyòkè te resevwa rabè pandan ane ki sot pase a pou 35 tip machin diferan. An jeneral, pifò konsomatè yo te resevwa rabè pou omwen 1,100 dola pou nouvo machin elektrik yo. Inisyativ sa a te jwe yon wòl santral nan ankourajman acha plis pase 10,000 machin elektrik an 2017, ki se yon ogmantasyon 67 pousan plis pase an 2016.

**Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) Eta New York la te deklare,** “Endistri rechaj veyikil elektrik la ap devlope epi avèk inisyativ inik sa a, nou pral pi byen rantabilize lajan leta ak fè patenarya avèk inovatè ak biznis yo pou nou konstwi yon enfrastrikti machin elektrik ak mwayen rechaj toupatou atravè New York. Anba Gouvènè Cuomo, nou vle asire Nouyòkè tankou vizitè k ap kondwi EV yo kapab vwayaje atravè New York ak koridò nòdès avwazinan yo konfyans ke yo pral gen yon estasyon rechaj a chak vire”.

**John R. Koelmel, Prezidan Konsèy Administrayon NYPA a (NYPA Board of Trustees), te deklare,** “Misyon Otorite Enèji a pral yon premye arive. Nou fè investisman bonè nan teknoloji ak inovasyon depwent yo nan enterè popilasyon an. Lè nou konstwi yon rezo rechaj machin elektrik vas ak yon enfrastrikti k ap sipòte l, nou ap poze fondasyon pou yon avni briyan - kote kondwi veyikil elektrik se nòm. Nouvo inisyativ EVOolve nou an pral ranfòse alimantasyon lidèchip, inovasyon, ak investisman nou ap fè depi byen lontan nan EV yo”.

**PDG ak Prezidan NYPA a, Gil C. Quiniones, te deklare,** “Veyikil Elektrik yo enpòtan anpil pou nou atenn objektif enèji pwòp New York la epi Otorite Enèji a nan yon pozisyon inik pou nou fè investisman alontèm pou konble eka nan mache a yo epi ede akselere adopsyon EV yo toupatou atravè eta a. Nou ap chache pou nou fè patenarya ak biznis prive ki nan domèn EV yo pou ede elimine anksyete pou chofè EV yo sou entèval yo. Nou pral abòde baryè ki anpeche enfrastrikti a yo pandan n ap edike konsomatè ak popilasyon an sou anpil avantaj ki genyen lè moun kondwi yon veyikil ki bay mwens degajman”.

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a (Port Authority) Rick Cotton te deklare,** “Dirabilite se youn nan premye priyorite Otorite Pòtyè a atravè tout etablisman ak sèvis nou yo. Otorite Pòtyè a kontinyèlman ap chache adopte estrateji inovatè ki favorab a anviwonman pou sipòte kwasans operasyon l yo. Objektif ajans lan se pou yo agrandi estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo nan tout etablisman l yo pou yo ka ofri konsomatè yo yon lokalite pratik pou yo chaje veyikil yo. Ajans lan pran angajman anvè dirabilite ak yon flòt transpò ki favorab a anviwonman an”.

**Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal a, Basil Seggos, te deklare,** “Gouvènè Cuomo ap fè New York vin yon lidè global nan lit pou konbat chanjman klimatik yo lè li fè vanse elektrifikasyon rapid sektè transpò a. Degajman ki soti nan sektè transpò a konstitye pi gwo sous degajman gaz a efè sèr nan New York—ki se plis pase yon tyè nan degajman total yo. Investisman enpòtan sa a yo anonse jodi a k ap fèt nan enfrastrikti veyikil elektrik yo pral mete plis veyikil elektrik sou wout yo epi l ap enpòtan anpil pou mentni elan nou pran anvè objektif anbisyè Gouvènè a pou redwi degajman gaz yo 40 pousan apati 2030”.

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare,** “Avèk agrandisman estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo, Gouvènè Cuomo ap ranfòse angajman l pran pou l konekte plis veyikil elektrik zewo degajman ak pasaje ki pral nan bèl destinasyon New York la yo. Thruway a fyè pou nou sipòte misyon Gouvènè a pou gen plis veyikil elektrik sou wout yo atravè inisyativ Charge NY la. Ogmantasyon disponibilite chajè sou tout longè Thruway a, ansanm ak lòt koridò otowout la yo, pral asire yo disponib nan vityèlman kat kwen Eta New York la”.

**Prezidan MTA Joseph Lhota te deklare,** “Yon flòt bis ki konplètman elektrik alavni pral ka sèlman posib lè li gen yon enfrastrikti rechaj solid pou alimante l. Gouvènè Cuomo ak NYPA ap ofri lidèchip ak sipò ki pral ede MTA reyalize objektif nou gen pou yon avni san degajman pou anpil milyon pasaje k ap monte bis yo chak jou”.

**Alicia Barton, Prezidan ak PDG NYSERDA, te deklare,** “Nan travay ansanm, antite eta a yo ap agrandi enfrastrikti veyikil elektrik New York la pandan l ap rann li pi fasil

pase jamè avan pou konsomatè yo chwazi veyikil elektrik yo. Apwòch olistik eta a pran pou l atenn objektif anbisye enèji pwòp Gouvènè Cuomo a ap ofri konsomatè yo anpil chwa enèji ki pi entèlijan ki pral redwi anprent kabòn nou epi rann enèji pi abòdab”.

**Joseph Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekominikasyon Sena (Senate Energy and Telecommunications Committee), te deklare,** “Antanke prezidan Komite sou Enèji ak Telekominikasyon Sena a, mwen kontan anpil pou m sipòte deplwaman finansman eta adisyonèl pou agrandisman enfrastrikti enèji veyikil elektrik toupatou atravè Eta New York la. Sektè pwodiksyon enèji a te fè anpil pwogrè nan kad rediksyon degajman polisyon lè a yo nan izin yo epi tranzisyon anvè plis sous elektrisite renouvlab yo an plèn reyalizasyon. Li enperatif pou nou investi nan modènizasyon sistèm transpò nou an pou nou satisfè objektif lè pwòp pou sante ak byennèt sitwayen nou yo alavni. Li enpòtan tou pou nou sipòte alafwa enfrastrikti veyikil elektrik ak itilizasyon veyikil elektrik yo pandan n ap egzamine tou tout aspè sekirite konsènan veyikil sa yo. Mwen paka tann pou m swiv pwogrè NYPA ap fè pandan Otorite a ap reyalize premye faz inisyativ enpòtan sa a”.

**Prezidan Komite Transpò Sena a, Joseph Robach te deklare,** “Kèlkeswa si se enèji van, solè oswa veyikil elektrik, mwen ap sipòte efò Eta New York ap fè pou nou redwi anprent kabòn nou. Li vrèman enpòtan paske New York kontinye travay pou asire gen yon enfrastrikti 21èm Syèk toupatou atravè eta a”.

**Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy) Michael Cusick, te di,** “Avèk plis Nouyòkè k ap wè avantaj ki asosye avèk acha veyikil elektrik yo, Eta nou an te wè yon ogmantasyon nan itilizasyon machin elektrik sou wout la yo. Pwogram Rabè pou Kondwi Pwòp la te bay Nouyòkè yo yon prim ankourajman pou yo achte yon veyikil elektrik. Kounye a avèk investisman Eta nou an ap fè nan agrandisman estasyon rechaj veyikil elektrik piblik la, epi plase estasyon rechaj yo nan ayewopò prensipal yo, nou ka ofri rezidan yo plis rezon pou yo pase a itilizasyon EV yo. Bay rezidan yo aksesibilite a estasyon rechaj la yo ka ede plis pouse mouvman ‘ekolojizasyon’ an vè lavan lè sa konsène acha yon veyikil”.

**Prezidan Komite Transpò Asanble a (Assembly Transportation), David Gantt, te deklare,** “Avni veyikil elektrik nan eta nou an pral gen yon enpak enpòtan sou anviwonman nou an ak sou ekonomi nou an. Plan Gouvènè a genyen pou l agrandi enfrastrikti a pral fè veyikil ki gen degajman fèb yo vin yon opsyon pou plis Nouyòkè. Mwen sipòte efò li ap fè pou nou vanse eta nou an vè lavan”.

Nan yon lòt mezi li anvizaje pou plis ankouraje adopsyon veyikil elektrik yo, Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta a te lanse yon inisyativ inovatè pou akselere itilizasyon veyikil elektrik yo, ogmante kantite estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo, epi detèmine kijan konpayi sèvis piblik yo ka ede ogmante antre veyikil elektrik yo anndan Eta New York la. PSC pral konsidere wòl konpayi sèvis elektrisite yo pou ofri enfrastrikti ak konsevwa to pou akomode bezwen ak demann elektrik pou EV yo. Li pral eksplòre yon fason ki bon mache pou konstwi enfrastrikti ak ekipman sa yo, epi detèmine si yo pral bezwen fè chanjman nan frè sèvis piblik yo anplis de sa yo deja ap konsidere pou kliyan rezidansyèl yo.

Nan kad efò kowòdone sa a eta ap fè a, NYPA, DEC, Otorite Thruway a, ak Depatman Transpò Eta a (Department of Transportation), te resaman soumèt yon demann pou PSC modifiye to elektrik yo nan yon delè apwopriye pou kliyan elektrisite ki enstale chajè rapid pou rechaje veyikil elektrik yo. Evantyèlman, nan kad ajisteman yo pwopoze pou yo fè nan to yo, ogmantasyon adopsyon veyikil elektrik yo, ak ogmantasyon nan espas rechaj rezidansyèl nan milye travay yo, ka ogmante revni pou opere ak antretni sistèm transmisyon ak distribisyon an, k ap pèmèt rediksyon nan to elektrisite alontèm pou tout kontribiyab yo.

Eta a te bay anplwayè yo prim ankourajman pou yo te ka ankouraje anplwaye yo kondwi veyikil elektrik, yo te enstale estasyon rechaj nan espas piblik yo, epi yo te ofri rabè pou minisipalite yo achte oswa lwe veyikil elektrik (ibrid oswa batri ki ka ploge) oswa veyikil ki pran gaz idwojèn pou flòt machin minisipal la yo, ak pou yo enstale enfrastrikti rechaj.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou tou nouvo inisyativ EVolve NY la, ki gen ladan fè demann chajè rapid pou zòn ou an oswa pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w vin yon Kominote Modèl EV, vizite [paj pwogram EVolve la](#) sou sitwèb NYPA a. Pou w kontakte yon reprezantan EVolve NY, imèl: [EVolveNY@nypa.gov](mailto:EVolveNY@nypa.gov).

### **Refòme Vizyon Enèji a**

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite [rev.ny.gov](http://rev.ny.gov) epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)